O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

TEXNİKA FAKULTETİ

ARXİTEKTURA HA’M QALA QURILISI KAFEDRASI

**Arxitekturalıq joybarlaw ha’m kompozitsiya tiykarları**

pa’ninen

# KURS JOYBARI

**Tema: An’shılar u’yi**

Qabıllag’an: J.Abatov

Orınlag’an: Sh.Akimbaev

No’kis - 2015

«Tastiyqlayman»

Arxitektura ha’m qala qurilisi

Baslig’i. B Qidirbaev

«____»_____________2016 . j

# KURSLIQ JOYBAR

**Pa’nnin’ ati :** Arxitekturaliq joybarlaw ha’m kompozitsiya tiykarlari

**Topar:** 2-A arxitektura **Student**: Akimbaev Shamshet

**Basshi:** Qalqorazov A.

## TAPSIRMA

**1.Joybardin’ temasi:** An’shilar u’yi imarati

**2. Berilgen shamalar:** Imarattin’ uzinlig’I 1-qabat olshemi 10700x10700. To’mengi bo’lim o’lshemi 15700x12700. Ima’rat biyikligi 6.00m.

**3.Basqariwshi materiyallar:** Kafedra tapsirmasi

**4. Grafiykaliq bo’lim mazmuni:**

**1.**Fasad M 1:100

**2.**Qaptal fasad M 1:100

**3.**Qirqim M 1:100

**4.**Bas joba M 1:200. Perspektiva

**5. Tusindirme xati mazmuni:**

Kirisiw

Arxitekturaliq bo’lim

Qurilis bo’limi

Texnika qa’wipsizligi

Juwmaqlawshi bo’lim

**6. Qosimsha tapsirmalar ha’m ko’rsetpeler**

# Kirisiw

O’zbekistan respublikasi G’a’rezsizlikke eriskennen son’ basqa tarawlar siyaqli qurilistada u’lken o’zgerisler ju’z berdi. G’a’rezsizlikke eriskennen son’ tariyxta birinshi ma’rtebe 1995-jili “Arxitektura ha’m qala qurilisi” boyinsha O’zbekistan Respublikasinin’ nizami qabil etildi. Usi nizamdi a’melge asiriw ha’m usi tiykarinda tariyxti ma’deniy bayliqlardi, klimati aymagimizg’a ta’n bolg’an jag’daylardi itibarga alg’an halda 148 milliy ma’mleket “Qurilis normativ qag’iydalari” (QMQ) islep shig’ildi. G’a’rezsizligimizden keyin qala qurilisimizga itibar ku’sheyip kelmekte. Bunin’ da’lili sipatinda O’zbekistan respublikasi Prezidenti I.A.Karimov “O’zbekistan Respublikarsi Arxitektura ha’m qala qurilisin ja’nede jedellestiriw shara ilajlari haqqinda” g’i pa’rma’ni (2000-jil 26-aprel 2595-sanli) Ministirler kabinetinin’ “Arxitektura ha’m qala qurili tarawinin’ jumislarin sho’lkemlestiriw ha’m qadag’alawdi jedellestiriw shara-ila’jlari haqqina” (2000-jil 27-a’peldegi 165-sanli), “Qalalar, rayon oraylari ha’m qala tipindegi pasyolkalardin’ bas jobalarin islep shigiw ha’m olardi quriw ta’rtibi haqqindag’i

Nizamdi tastiyqlaw haqqinda” (2000 jil 14-avgusttagi 310-sanli “Arxitektura ha’m

Qala qurilisi tarawinda nizam hu’jjetlerge amel qiliw ushin basshi ha’m a’meldar

shaxslardin’ juwapkershiligin asiriw shara ilajlari haqqinda” g’i qararlari

(2000-jil 23 avgusttegi 329-sanli ) siyaqli qararlarinda aytip o’tiwimizge boladi.

Ko’plep u’lken ima’ratlar, sport saraylari, jabiq bazarlar, zamanago’y ko’she ha’m maydanlar, bag’lar, turaq-jay ima’ratlari, kolledjler, litseyler ha’m basqa qurilg’an ima’ratlar qurilis ha’m arxitektura tarawindag’I jumislardin’ ko’leminin’ da’liylin berip turipti.

Turaq jay ha’m ja’miyetlikima’ratlardin’ arxitekturasi insa’n o’mirinin’ ko’p qirli ta’replerin, ja’miyettin’ sotsiyal-ekonomikaliq rawajlaniw protsesin a’debiy ko’riniste jaratip beriwge xizmet qiladi. Usi menen birge ja’miyettin’ ma’deniy

qarasqada bir qatar baylanisli bolip zamanago’y arxitekturada usig’an juwap beriwi lazim.

Ha’r waqit en’ qiziqlisi ha’m ko’rkem ima’ratlar ja’miyetlik ima’ratlar bolip kelgen, insan oyinin’ en’ joqari da’rejedegi hayran qaldiriwshi ima’ratlar-bul ja’miyetlik ima’ratlari kompleksi esaplanadi. Usi sebepli bolsa kerek Shaharsozlik qurilisinda ajiratilatug’in qa’rejettin’ tiykarg’i bo’legi ja’miyetlik ima’ratlarg’a beriledi. Xaliq turmis da’rejesinin’ o’sip bariwi bolsa qurilip atirg’an u’lken qalalardag’ turistler oraylari, joqari da'rejede xizmet ko'rsetiwshi miymanxana kompleksleri, iri ilmiy, ma'deniy oraylar, kinoteatr, konsert ha'm ko'rgizbe zallar, sport inshaatlari ha'm basqada ima'ratlardin' qurilisi menen baylanisli. G’a’rezsizlik jillarinda massaliq ja’miyat ima’ratlar qatarinda xalliq ara u’lgilerge say “elita”, iri ja’miyet ima’ratlar payda boldi ha’m olardi u’skenelewde en’ zamanago’y qurilis materiyallari ken’ qollaniladi.

Arxitektura rawajlaniwi menen ima’rat ha’m insha’atlardin’ funktsiyonal ha’m konstruktiv ha’m ko’rkemlik sheshimleri de rawajlanip, o’zgergen ha’m ha’rqiyli da’wirde sogan say do’retiwshilik usillarda jaratilg’an.

Arxitektura bul ko’p waqittin’ ha’m isskustva bolip esaplanadi. Ima’rat ha’m insha’atlardi joybarlaw ha’m quriw protsessin injenerlik bilimlerge tiykarlamg’an sanin’ menen birge arxitektura sana’t, sebebi arxitektura ko’rkemlik obrazlarg’a iye ima’ratlardi jaratadi.

Arxitekturada iskustvanin’ rawjlaniwi ha’m iskustva sintezi de ima’ratlar obrazin qa’liplestiretug’ in tiykarg’i na’rse bolip esaplanadi.

Arxitekturaliq ima’ratlar ha’m qurilmalar ko’rkemlik da’rejesi olardin’ ishki ha’m sirtqi ko’rinisi sheshimleri menen baylanisli boladi. Ima’rat ha’m qurilmalardin’ ko’rkemlik ko’rinisi tiykarinan eki na’rse menen aniqlanadi. Birinshiden, bul uliwma arxitekturaliq kompozitsiyaliq formalar bolip. Ekinshiden, jeke forma ha’m bo’limlerden iba’rat boladi.

Arxitekturaliq bo’lim

Arxitekturada kishi formalar bul, xarakteri belgilengen tu’ri boyinsha ha’r qiyli birlespe yaki basqa da obektler jiyindisi bolip, olar arxitekturaliq qala qurilisi yaki bag’ dem aliw oraylarin toliqtirip detallastiriwshi ha’mde qala ortalig’inin’ qurallari menen ha’m kerekli qurilmalarinin’ tiykarg’i elementi bolip esaplanadi. Kishi formalar obsalyut olshemleri boyinsha, tiykarg’i qurilis komponentlerinen bir qansha arqada qaladi (jasaw ortaliq ha’m islep shig’ariw ka’rxanalari), ha’m olardin’ ati da sonnan kelip shiqqan.

Kishi formalar o’nimleri a’dettegidey salistirma erkin, toliq juwmaqlang’an (ima’rat bo’limlerinen ha’m arxitekturaliq detallardan basqa) biraq arasinda quramaliraq ka’rxanalardin’ tiykarg’i fragmentin o’zinde ko’rsetedi. Kishi formalardi basliqli esaplawda u’lken formalar menen salistirg’anda onda dekorativ waqitlar ko’p boladi.

Kishi formalardin’ tipleri say halda to’mendegishe ajiratiladi.

-birinshi na’wbette ideyaliq suwretlew ma’nisine iye, (Ma’selen memoriyaliq stellaj, qa’bir tasi, esaplaw doskalar ha’m tag’i basqa) tiykarinan hesh qanday kemshiliklersiz, al arasinda ma’nili ha’m kompozitsiyaliq ustin qala ansambillerinin’ ha’m ju’da’ shidamli materiyallardan islengen kishi formalar;

-o’zinde dekorativ baslamalardi tutqan kishi formalar (a’sirese oyaniw da’wirine tiyisli arxitekturalar, klassitsizm barokko) yaki.

-dekorativ baslamalar fumktsiyonal baslamalar menen birdey ma’nige iye kishi formalar (XX-a’sir arxitekturasina tiyisli )-fontanlar, basseynler, dem aliw orinlari, ko’pirler, teksheler, resshyotkalar, da’rwa’zalar, gu’l o’siriw orinlari, dekorativ ha’m oyiw skulpturalar, vazada(bul topar kishi formalar qalanin’ bag’ kokelemzarlastiriw ansambillerinin’ birigiwinde u’lken orin tutadi ha’m olar (shidamli emes materiyallardan).

-Zamanago’y qala ortaliginin’ en’ kerek bolg’an kishi formalari (ha’r qiyli

Formadag’i elektir jaritqishlar, kioskalar, sawda satiw avtomatlari, telefon budkalari h.t.b).

-Informatsiyaliq kommunikatsiya waziypasin atqariwshi kishi formalar (afishalar ha’m gazetalar ushin diywallar, qalaliq reklama sonday aq ren’li, ha’r qiyli ko’rsetkishler menen).

Kishi formalar proektlewde arxitekturaliq ha’m qala qurilisi printsipi u’lken ro’l oynaydi ha’mde su’wretlew konstruktiv metodi.

Ishki ken’islikli kishi arxitekturaliq formalar:

Bular tiykarinan bizdin’ kundelikli turmisimizda ko’p ushiraytug’in adamlar ushin za’rur bolg’an kishi ima’ratlar desekte boladi. Bularg’a an’shilar u’yi, baliqshilar u’yi, muzqaymaq jeytug’in kishi kafeler, jazg’I dem alip otiratug’in vesedkalar, kishi shayxanalar, waqitsha jasaw u’yleri, ha’m basqada ishki ken’islikli ima’ra’tlardi aytip o’tiwge boladi. Bul ima’ratlardi planlastiriwda belgili bir quriliwi kerek balg’an orinnin’, sol aymaqtin’ ma’deniyligine maslasqan halda ha’m milliyligin joytpag’an halda zamang’a say kompoziysiyada quriladi. Ha’m arxitektor ima’ratti planlastiriwda onin’ sirtqi dizayninin’ suliwlig’i, formasinin’ o’zgesheligi menen jan’ada jan’aliqlardi qosqan halda paydalaniwshig’a qolayliqlarin asiriw maqsetinde kompozitsiyaliq sheshimlerdide duris tan’lansa, sol quriliwi kerek bolg’an aymaqtin’ suliwlig’ina qosilg’an u’lesi boladi. Bularda quriwdi joybarlawda a’sirese sol aymaqtin’ klimati, ta’biyiy o’zgerislerine shidamli ha’m belgili da’rejede ma’mleketlik talapqa juwap bere alatug’in shidamliliqti esapqa alg’an halda quriladi. Bunday ima’ratlarda (dem aliw besedkasi, kishi kafe, muzqaymaq, gu’ldu’ka’n) ha’m basqada ima’ratlar o’z gezeginde qalanin’ ko’rkine ko’rik qosip tura alatug’in da’rejede bolg’anlig’in esapqa alinadi.

Arxitekturaliq qurilis bo’limi

Uliwma jag’daylar

Menin’ kurs joybarimnin’ temasi bir qabatli an’shilar u’yin joybarlaw.

Qurilis materiyallari ha’m konstruktsiyalari ha’m olardan ratsiyonal paydalaniw.

Men bul temani saylap joybarlawimnan maqset en’ birinshi o’zimnin’ erkin oqiw barisinda alg’an bilimlerimnen paydalang’an halda o’z pantaziyamdi ku’sheytirip, ideyaliq jaqtan o’zgeshe adamlar jasawi ushin barliq qolayliqlarg’a iye bolg’an ha’m ma’mleketimiz ta’biyiy klimatina mas bolg’an ima’ratti joybarlaw. Bul ima’ratti tiykarinan ta’biyat ortalig’inda, tawliq jerlerde, ken’ maydanli ha’m tog’ayliq jerlerde dem aliw ha’m an’ awlaw ushin qolayliqta bolg’an kishi turaq jayi.

Menin’ islegen kurs jumisimda tiykarinan suwdin’ (da’rya, ko’l) boyinda jaylasqan an’shilar u’yin joybarlaw.

Qurilis ushin joybarlang’an uliwma plan boyinsha tu’sinik

Qurilis ushin arnalg’an ha’m usi ima’rattin’ belgili territoriyadag’i iyelik

Etiwi lazim bolg’an jer maydani barlig’i bolip 1800$m^{2.}$ Aymaqtin’ ta’biyiy klimatliq jaqtan da’ryanin’ jag’asinda ta’biyiy terek ha’m o’simlikler ko’p o’setug’in qaladan uzaqlawda bolg’an orinlarg’a arnalg’an.

Tog’aylarg’a (an’ awlaw) jaqin jerde an’ awlap ha’mde ma’wsimnin’ belgili waqitlarinda dem aliw ushin kelip jasaytig’in turaq jay ima’rati. Bul da’ryanin’ jag’asinda jaylasqan. Uydin’ iyelep turg’an aymag’inin’ 1200$m^2$ jerin qurg’aq, toliq topiraq bolg’an jer bolsa al 600$m^2$ bolg’an maydandi suw bolip tabiladi. Jer maydanda tiykarinan ta’biyiy terek ha’m o’simlikler ha’m adam ju’riw soqpaqtan iba’rat.

An’shilar u’yinin’ uliwma maydani 168$m^2$ ti quraydi. U’y 2bo’limnen iba’rat. 1-qabat ha’m to’mengi bo’lim.

1-qabatta kiris u'ydin' qubla ta'repinde (lestnitsa arqali).

Plan boyinsha o'jireler.

-kireberis maydani 6.76$m^2$

-dem aliw xanasi maydani 7.8$m^2$

-terassa; jaylasiw arqag'a qaray suwg'a qarag'an uliwma maydani 31.6 $m^2$

-qonaq ku'tiw zali, tiykarinan tereze qubla ta'repke qaratilg'an uliwma maydani 22 $m^2$

-asxana; ja'mi maydani 9 $m^2$ bolg'an toliq jaqtilandirilg'an.

-U'ydin' to'mengi bo'liminde bolsa ashiq ayvanli bolip bulda an'shilar u'yine o'zgeshelikti berip turipti.

To'mengi bo'limdi mashina garaji sipatinda paydalaniladi.

To'mengi bo'limde bunday biyikletip quriliwinan maqset-u'ydin' ta'biyiy klimatli jag'dayda, suwdin' jag'asinda jaylasqanlig'i esapqa alinip, ha'mde arxitekturaliq sheshiminin' kompozitsiyasinin' o'zgesheligide sonda.

To'mengi bo'limde:

-Juwiniw xanasi, maydani 7 $m^2$ bolg'an

-Xladovka bul, u'y ushin kerekli bolg'an buyimlar, miynet qurallari, an'shilar a'sbaplari, eski buyimlardi saqlaw ushin arnalg'an bo'lme, maydani 6.76 $m^2$

-Ha'm topiraq penen toltirilg'an  bul uydin' janinda gu'ller o'siriw ushin arnalg'an topiraq penen toltirilg'an bo'lme. Joybarlawda bunday sheshimnin' tan'laniwi kompozitsiyanin' ekologiyaliq jaqtanda o'zi turg'an aymaq ushin paydalilig'i ha'm bulda o'z gezeginde u'yge jarasiqli suliw ko'rinisti beredi.

Arxitekturaliq konstruktiv sheshim.

Ima’rattin’ tiykarg’I ju’k ko’teriwshi elementleri bir qabatli ima’ratlarg’a arnalg’an temir betonli karkaslang’an kolonlardan ko’terilgen. Ima’rattin’ kolonlarinin’ tiykarlari jerge jaqsi otirg’izilip to’mendegilerden qurilg’an.

1.Stakan tipindegi pundament qollaniliwi ko’zge tutilg’an

2.(bul jer astina) Stakan tipindegi pundament blokti jer astina jaylastiriw

3.Bul bloklardin’ dawami metell armature menen karkaslang’an. Beton kolonlar joqarig’a qurip jaydin’ tiykarg’i konturlarin karkaslaw.

Tiykarg’i ko’teriwshi konstruktsiyalar dizimi.

1.Pundament-quyma temirbeton stakan tipinde.

2.Karkas-jiynalmali temirbeton paneli

3.Diywal-pisken gerpishten

4.Tamnin’ joqarisin ha’m qabatlar ara jabiw-monolitli quyma temirbeton, temirbeton plita.

5.Tam joqarisi-tekis jumsaq rulonli metal list materiyaldan.

Ima’rattin’ klassi-III

Bul proekt tomendegi klimat sha’ra’yatlari ushin islep shig’ilg’an.

-IV klimatik rayong’a kiredi

-Qis ma’wsiminde shidamliliq temperaturasi -160C$^0$

-Jazda shidamliliq temperaturasi +290C$^0$ +300C$^0$

-gruntli muzlaw qalinlig’i -0.6m

-Qisqi qar awirlig’i basimi -50kg sm/ m$^2$

-Jer silkiniwi -8 ball.

## Texnika qa’wipsizligi

Barliq qurilis jumislari QMQ-3.01.02.00 “qurilista qa’wipsizlik texnikasi” T 2000 dag’i qag’iyda ha’m nizamlar tiykarinda orinlanadi.

1.Kolonlardi montajlawda jumis baslawdan aldin to’mendegi isler orinlang’an boliwi kerek.

-Barliq pundamentler montajlanip bolg’an yamasa 70% proekttegi bekkemlikti iyelegen boliwi kerek.

-pundamentlerdi kolonlar montaji ushin tayarlilig’I oqiw arqali qabil qiling’an bolip geodezis ta’repinen tekserilgen boliwi kerek.

-waqtinshaliq elektir tarmaqlari o’tkerilgen, ha’m jariqliq penen toliq ta’miynlengen boliwi sha’rt.

-Diywallardi gerbish penen o’riwde QMQ nin’ qurilis qag’iyda nizamlari esaoqa aling’an halda orinlaniwi kerek.

## Tam jabiw jumislari

1.Tam jabiwdi baslawdan aldin to’mendegi jumislar islengen boliwi kerek.

-Tamnin’ tobesine shig’iwshi joybardag’i ko’termeler, diywal panelleri ha’m basqa tamnan joqarig’a shig’ip turatin ha’mme konstruktiv texnologik elementler ornatilg’an ha’m montaj qiling’an boladi.

-izolyatsiya materiyallari menen bul konstruktsiyalardi tam jappa konstruktsiyalardi ha’mmesin shakleri ha’m anyalar menen islew berilgen boladi.

-tekis emes shig’ip qalg’an ustingi jerler toltirilip patruokalar arnawli xomutlar menen bekkemlenip ornatip qoyilg’an boladi.

## Juwmaqlaw bo’limi

So’zimdi juwmaqlastirip aytatug’in bolsam Arxitektura tarawi ju’da’ bir adag’a o’zgeshe zawiq ilxam bag’ishlaytug’in taraw sanaladi, ha’mde menin’ bugingi

kuris jumisim An’shilar u’yi joybarlaw jumisimdi az-g’ana bolsada duris, tusinikli jetkere  aldim dep oylayman ha’m ko’p g’ana a’debiyatlarg’a ha’m internet materiyallarg’a mu’ra’ja’t ettim ha’m kereklishe mag’liwmat aldim dep esaplayman yag’niy bugingi kuris jumisima meni tin’lap, qosimsha mag’liwmatlar bergenin’iz ushin minnetda’rman, kelesi jumisimdi bunnanda ken’irek ha’mde anig’iraq, tolig’iraq ta’riyplewge ha’reket etemen.

## Paydalanilg’an a’debiyatlar


1.Karimov I.A  O’zbekiston mustaqillik ostonasida. T.2011j

2.Karimov I.A Yuksak manaviyat yengilmas kuch. T.2008j

3.O’zbekiston  Respublikasi Prezidentining 06.05.2003 yil PF-3240 sonli Farmoni: “Kapital Qurilishda iqtisodiy islohatlarni yanada chuqurlashtirishning asosiy yonalishlari to’g’risida”

4.Internet materiyallar.

# ОХОТНИЧЬЕЙ ДОМ М1:100



Передный фасад

Боковой фасад

Боковой фасаd



План М1:100



Разрез А-А




Генплан

| Экспликация | | | |
|---|---|---|---|
| № | Наименование | Ед изм | кол |
| 1 | Прохжая | м² | 6.76 |
| 2 | Спальная | м² | 7.8 |
| 3 | Терасса | м² | 31.6 |
| 4 | Гостеиная | м² | 22 |
| 5 | Спальная | м² | 14 |
| 6 | Кухня | м² | 9 |
| 7 | Душавая | м² | 7 |
| 8 | Хлодовая | м² | 6.76 |
| 9 | Огородик | м² | 6.2 |
| | | | |



План нижняя часть М1:100

